



# Fason Sekirite Sosyal ka ede w lè yon manm fanmi w mouri

## Ki sa ki andedan

Pou kontakte Sekirite Sosyal

2

Ou dwe fè Sekirite Sosyal konnen lepli vit sa posib lè yon moun nan fanmi w mouri. Abityèlman direktè ponp finèb pral rapòte lanmò yon moun bay Sekirite Sosyal. Ou pral bezwen bay nimewo Sekirite Sosyal moun ki mouri a bay direktè ponp finèb la konsa yoka fè rapò a.

Kèk nan manm fanmi moun ki mouri a ka resevwa benefis nan men Sekirite Sosyal si moun ki mouri a te travay ase lontan nan djòb ki peye taks Sekirite Sosyal pou ka kalifye pou resevwa benefis. **Kontakte Sekirite Sosyal lepli vit sa posib pou asire w fanmi w resevwa tout benefis yo gen dwa pou resevwa.** Tanpri li enfòmasyon ki anba a avèk anpil atansyon pou aprann ki benefis ki ka disponib.

- Nou ka peye yon montan \$255 yon sèl fwa pou konjwen ki siviv la si li t ap viv ak moun ki mouri a. Si yo t ap viv separe epi yo elijib pou kèk benefis Sekirite Sosyal sou dosye moun ki mouri a konjwen ki siviv la ka toujou kapab resevwa vèsman inik sa a. Si pa gen konjwen ki siviv, yon timoun ki elijib pou benefis sou dosye moun ki mouri a nan mwa lanmò a ka resevwa pèman sa a.
- Kèk manm fanmi **ka elijib** pou resevwa benefis mansyèl, ikonpri:
  - Yon vèw oswa yon vèf ki gen 60 an oswa plis (50 an oswa plis si li andikape);

- Yon vèw oswa yon vèf ki gen nenpòt laj k ap pran swen pitit moun ki mouri a ki poko gen 16 an oswa ki andikape;
- Yon pitit moun ki mouri a ki poko marye ki:
  - Poko gen 18 an (oswa jiska 19 an si l se yon elèv aplentan nan yon lekòl elemantè oswa lekòl segondè); oswa
  - Gen 18 an ki gen yon andikap ki te kòmanse anvan l gen 22 an;
- Yon bofis/bèlfi, pitit pitit, pitit pitit konjwen w oswa yon pitit ou adopte nan kèk sikonstans;
- Paran, ki gen 62 an oswa plis, ki te depann de moun ki mouri a pou omwen mwatye sipò yo; epi
- Yon konjwen sivivan ki divòse, nan kèk sikonstans.

**Si moun ki mouri a t ap resevwa benefis Sekirite Sosyal**, ou dwe retounen benefis moun nan te resevwa pou mwa lanmò a oswa nenpòt mwa aprè sa. Pa egzanp, si moun nan mouri nan mwad jiyè, ou dwe retounen benefis yo peye nan mwad out la. Si pèman an fèt pa depo dirèk, kontakte labank lan oswa lòt enstitisyon finansye epi mande yo pou yo retounen nenpòt lajan yo te resevwa pou mwa lanmò a oswa aprè sa. Si pèman an fèt pa chèk, **pinga** w chanje chèk ou te resevwa pou mwa moun nan mouri a oswa aprè sa. Retounen chèk la nan Sekirite Sosyal lepli vit sa posib.

Sepandan, manm fanmi ki elijib yo ka resevwa benefis lanmò pou mwa benefisyè te mouri.

## Pou kontakte Sekirite Sosyal

Genyen plizyè fason pou kontakte Sekirite Sosyal, san wete sou entènèt, pa telefòn, epi an pèsòn. Nou la pou n reponn kesyon w yo epi pou n sèvi w. Depi plis pase 80 ane, Sekirite Sosyal te ede sekirize lavi w jodi a ak demen lè l ofri benefis ak pwoteksyon finansye pou demilyon moun nan pakou y ap fè nan lavi yo.

### Vizite sitwèb nou an

Fason ki pi pratik pou regle biznis nan Sekirite Sosyal nenpòt kote nenpòt lè, se lè w vizite sitwèb nou an **[www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov)**. Nan sit la, ou kapab:

- Kreye yon kont *my Social Security* pou egzamine *Social Security Statement (Deklarasyon Sekirite Sosyal)* ou a, verifye revni w, enprime yon lèt verifikasyon benefis, chanje enfòmasyon pou depo dirèk ou, fè demann pou yo ranplase kat Medicare ou, jwenn yon ranplasman pou fòm SSA-1099/1042S, ak anpil lòt bagay ankò;
- Aplike pou jwenn Extra Help (èd siplemantè) avèk depans plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon;
- Aplike pou benefis retrèt, envalidite ak Medicare;
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo;
- Jwenn repons pou kesyon moun konn poze souvan; ak
- Anpil lòt bagay ankò!

Kèk nan sèvis yo disponib sèlman nan lang anglè. Vizite Multilanguage Gateway (pòtay multilang) nou an pou enfòmasyon nan lang kreyòl ayisyen. Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou ede w regle biznis Sekirite Sosyal ou yo. Sèvis entèprèt sa yo disponib kit ou pale avèk nou pa telefòn kit ou vini nan biwo Sekirite Sosyal la.

### Rele nou

Si w pa gen aksè nan entènèt, nou ofri plizyè kalite sèvis otomatize, 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Rele nou gratis nan **1-800-772-1213** oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si w soud oswa ou gen difikilte pou tande.

Si w bezwen pale avèk yon moun, nou ka reponn apèl ou yo apati 7 è dimaten jiska 7 è diswa, de lendi a vandredi. Nou mande w pou pasyan pandan peryòd nou okipe anpil paske w ka jwenn plis siyal okipe epi w ka gen pou ret tann pi lontan anvan w gen opòtinite pou pale avèk nou. N ap tann pou n sèvi w.



Securing today  
and tomorrow

Social Security Administration

Publication No. 05-10008-HC | May 2017

Fason Sekirite Sosyal ka ede w lè yon manm fanmi w mouri

How Social Security Can Help You When a Family Member Dies (Haitian-Creole)

Produced and published at U.S. taxpayer expense

Se lajan kontribiyab Ozetazini peye ki pèmèt yo pwodui epi pibliye piblikasyon sa a